

SUMATIF AKHIR SEMESTER

SMP POMOSDA TANJUNGANOM

TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)
Ustadz / Ustadzah : Ima Nur Laily

Hari, Tanggal : Selasa, 18 Juni 2024
Waktu : 60 Menit
Sifat : Buka Buku Catatan

No Peserta : _____

Nama : _____

Kelas : ☐ VIII-A ☐ VIII-B ☐ VIII-C ☐ VIII-D

A. Pilihlah salah siji wangsulun kang kokanggep bener, kanthi ngirengi ana ing papan wangsulun!

Soal damel nomer 1 – 5

Laporan Wawanrembug babagan "WIRAUSAHAWAN"

1. Dina, tanggal : Kamis, 9 September 2013
2. Wanci :
3. Narasumber : Bapak Sumadi
Usia : 44 taun
Pegawean : Usahawan kontraktor Alat berat
4. Pewawancara : a. Laras Kusumawardani
b. Nofia Robiyatun
c. Riza Fitri R
d. Wiwin Widyaningsih

5. Hasil Wawanrembug

Wawanrembug kaliyan Usahawan

Bapak Sumadi menika usahawan kontraktor alat berat ingkang ndalunipun namung karyawan. Nanging amargi kegigihanipun seniki Bapak Sumadi dados usahawan sukses ingkang ngasta PT Daya Cipta. Inggihmenika wawanrembugipun kula kaliyan kanca-kanca datheng beliau.

Wiwin : Assalamu'alaikum, Sugeng enjing pak, kula lan kanca-kanca menika siswa SMA N 1 Ajibarang badhe nyuwun wekdal panjenengan kangge wawanrembug usahanipun bapak kangge tugas saking bapak guru, punapa saged pak ?

Pak Sumadi : Nggih mangga.

Nofia : Ingkang kaping setunggal kula kepengen ngertos identitas bapak. Asmanipun bapak punikasinten nggih ?

Pak Sumadi : Namane kula Bapak Sumadi.

Riza : Bapak sampun gadah garwa lan lare menapa dereng ? Lan wonten pinten ?

Pak Sumadi : nggih kula sampun gadah lare 2 lan garwane nggih namung setunggal.

Laras : lah yuswanipun bapak pinten ?

Pak Sumadi : Umure bapak sampun 44 taun.

Wiwin : Nah seniki bapak saweg ngasta usaha nopo ?

Pak Sumadi : Usaha bapak seniki kontraktor alat berat, ingkang diwiwiti saking taun 2006 dugi seniki taun 2013.

Nofia : oh sampun dangu nggih pak, lah ingkang pertama modalipun bapak kangge usaha menikapinten lan saking pundi ?

Pak Sumadi : Ya modal pertama wekdal menika mung 40juta kangge kredit alate. wekdal menika se-alate regane 185juta. Berarti bapak aweh kredit uang muka 40juta kangge 2tahun pas menika nggihteksih nol gede, istilahe nggih usaha dereng wonten hasile. Lah 2taun menika saged lunas.

Dateng bose diparingi 2 kredit malih amarga dipercaya dateng bose lan jumlah regane 460juta wekdal menika bapak nyekel duit satu juta dados total utange bapak 360 juta lan sambu njalanake usahane, bapak bisa setor, lan dugi tahun 2013 kie bapak due omset 1,1 milyar. Nah siki alate bapak due 7unit.

Laras : Berarti supados saged sukses kados menika, usahanipun bapak saking nol nggih pak. Lah sederengipun usaha kontraktor kados menika usahanipun bapak dados napa pak ?

Pak Sumadi : Sederenge bapak usaha dados kontraktor bapak kerja dados mekanik alat berat. Tapi amargidipercaya dateng bose, bapak di angkat dados pimpinane.

Riza : Lah seniki bapak sampun gadah karyawan pinten lan tugasipun napa mawon ?

Pak Sumadi	: kira-kira bapak gadah karyawan 10 lan tugase bidang operator alat besar lan mekanik alatbesar. Operator kerjane mengendarai alat besar.
Wiwin	: Lah usahanipun bapak menika wonten pundi ?
Pak Sumadi	: Usahane bapak nang daerah Lipo Cikarang. Nama perusahane Daya Cipta, usahane bapak teksih wonten dateng naungane perusahaan bose bapak, dados teksih manunggal kaliyan usahane bapak sing sedurunge.
Nofia	: Punapa ingkang dados sebab panjenengan milih usaha punika Pak ?
Pak Sumadi	: ya menungsa uripkan kan istilahe pengin wonten kemajuan, lan wonten kesempatan kanggeusaha menika amarga dinei kredit alat lan anggaran saking bos gedene.
Laras	: Proses kerja wonten perusahaanipun bapak menika kados nopo pak ?
Pak Sumadi	: Mbuka lahan kangge mbangun irigasi, perumahan lan macem-macem lah, namane ugi alatberat.
Riza	: Sedoyo usaha ugi wonten pasang surutipun nggih pak. Lah tindakanipun bapak kangge ngadepi surutipun usaha kados menapa pak ?
Pak Sumadi	: Usahane bapak kanggo ngadepi surute usaha nggih damel program kerja. Kados usaha pertanian ingkang digarap garwane bapak, menawi usahane bapak sampun stabil malih artonipun di wangsulna.
Wiwin	: Oh kados niku pak. Suka dukanipun bapak usaha menika priipun Pak ?
Pak Sumadi	: Senenge dados usahawan menika menawi saweg wonten maju nggih pendapatane ugi tambah, benten kaliyan karyawan ingkang gajine tetep. Dukane nggih menawi tagihane mboten cair lan kangge tumbas sparepart.
Nofia	: Pesen-pesenipun bapak kangge muda-mudi seniki kados pundi Pak ?
Pak Sumadi	: Pesenipun bapak dateng para muda-mudi nggih sami sekolah ingkang leres, ngadoih narkoba lan miras. Ugi menawi wonten masalah nggih dirembug sareng-sareng kaliyan orangtua.
Laras	: Nggih matur nuwun sanget pak sampun maringi wekdal lan informasi dateng kula lan kanca-kanca sedaya. Mugi-mugi usahanipun bapak saged lancar. Cekap sementen mawon Pak, mbok bilih kula lan kanca-kanca katah kalepatan nyuwun pangapunten. Wassalamu'alaikum.

- Saka endi asal sekolahe pewawancara
A. SMA N 3 Ajibarang
B. SMA N 1 Ajibarang
C. SMA N 1 Ajisaka
D. SMA N 1 Barang
- Saka 2006 nganti 2013 pira omset usaha kontraktor alat berat Pak Sumadi ?
A. 1,5 miliyar
B. 1,7 Miliyar
C. 1,1 Miliyar
D. 1,1 triliun
- Sak durunge nduwe usaha kontraktor alat berat Pak Sumadi kerja apa ?
A. Kerja mekanik motor
B. Kerja mekanik alat berat
C. Kerja teknik alat ringan
D. Kerja mekanik alat ringan
- Sapa kang ngarap usaha pertanian Pak Sumadi ?
A. Garwane
B. Mantune
C. Wayahe
D. Keponakane
- Apa sing pesene Pak Sumadi kanggo para pewawancara ?
A. Sekolah ingkang leres, ngadoih narkoba lan miras. Ugi menawi wonten masalah nggih dirembug sareng-sareng kaliyan orangtua.
B. Sekolah ingkang leres, njajal narkoba lan miras. Ugi menawi wonten masalah nggih dirembug sareng-sareng kaliyan orangtua.
C. Sekolah ingkang leres, ngadoih narkoba lan miras. Ugi menawi wonten masalah nggih ditandangi dhewe
D. Sekolah kedah bolosan, ngadoih narkoba lan miras. Ugi menawi wonten masalah nggih dirembug sareng-sareng kaliyan orangtua.
- "Raden Ajeng Kartini" yen ditulis ing aksara Jawa yaiku
A. || ꦫꦭꦤꦶꦁꦏꦂꦠꦶꦤꦶ ||
B. || ꦫꦭꦤꦶꦁꦏꦂꦠꦶꦤꦶ ||
C. || ꦫꦭꦤꦶꦁꦏꦂꦠꦶꦤꦶ ||
D. || ꦫꦭꦤꦶꦁꦏꦂꦠꦶꦤꦶ ||

7. Tembung liyane saka *Aksara Murda*, yaiku.....
- A. Aksara Swara
- B. Aksara Dentawyanjana
- C. Aksara Jawa
- D. Aksara Mahaprana

Wacan ing isor iki kanggo nomer 8- 10

Keong Mas

Wis setaun suwene mangsa ketiga dialami desa Dhadapan. Krana kuwi uripe warga katula-tula, akeh lelara lan dadi larang pangan. Ing Dhadapan ana wadon tuwa sing lola tanpa dulur, yaiku mbok Randha. Kanggo nyambung uripe, mbok Randha luru krowodan ing alas kewan sabendinane.



Kewan kali kang nyisa ing sawedhing mbebegang. Sanajan kahanan kaya mangono nanging dheweke ora nggresula. Malah saya nyaketake marang Gusti.

“Duh Gusthi paringana pepajar ing desa kula mugimugi inggal kalis saking prahara punika.”

Sawijining esuk, mbok Randha golek panganan ing alas. Nalika lagi milang-miling weruh cumlorot cahya saka sak tengahing kali kang asat.

“Kok cumlorot kaya emas, cahya apa kuwi?” ing atine tuwuh pitakon, banjur mbok Randha nyedaki sumber cahya mau. Bareng dicedaki jebul sawijining keong Mas kang nyungsang ing antara watuwatu kali. Keong banjur digawa mulih tekan ngomah dicemplungake genthong.

<https://berita.99.co/cerita-rakyat-bahasa-jawa/>

8. Saka cerita Keong Emas, ukara “Mangsa Ketiga” uga diarani ?
 - A. Musim hujan
 - B. Musim panas
 - C. Musim angin
 - D. Musim banjir
9. Apa kang ndadekake warga ketula-tula akeh lelara lan larang pangan?
 - A. Mangsa ketiga
 - B. Mangsa rendheng
 - C. Ora ana tandhuran
 - D. Paceklik
10. Apa kang diweruhi Mbok Randha nlika golek pangan ing alas?
 - A. Cahya kaya lintang
 - B. Cahya kaya banaspati
 - C. Cahya kaya rembulan
 - D. Cahya kaya emas
11. Wujud *aksara murda* ana 8 yaiku,.....
 - A. 
 - B. 
 - C. 
 - D. 
12.  Panulisan *aksara jawa* ing samping yen ditulis latin yaiku.....
 - A. Bu Guru Tantri
 - B. Bu Guru Tari
 - C. Bu Guru Tri
 - D. Bu Guru Tuntri
13. Ani : “Asslamu’alaikum....”
Ustadz : “Waalai kumsalam....”
Ani : “Bu Indahipun wonten?”
Ustadz : “Endak ana Le, Kapiye?”
Ani : “Dalem, bade nyalap buku niki ten mejanipun Bu Indah”
Ustadz : “Iyo Le, nang ngarepe almari mejane Bu Indah”
Ani : “Nggih matur nuwun Ustadz....”
Ukara pacelathon ing dhuwur kang kalebu basa krama alus yaiku....
 - A. iyo Le, nang ngarepe almari mejane Bu Indah
 - B. Dalem, bade nyalap buku niki ten mejanipun Bu Indah
 - C. Endak ana Le, Kapiye
 - D. Bu Indahipun eneng?

14. Ukara pacelathon ingkang leres ten ngandap niki yaiku.....

- A. Murid: "Bu, bukuku ilang"
- B. Murid: "Pak Budi napa wonten ten nglebet?"
- C. Murid: "Sepurane Pak, Kula telat"
- D. Murid: "Pangapunten Pak, aku ora sepaton"

Wacan ing isor iki kanggo nomer 15 – 17

Asal-usul Desa Pandantoyo

Senajan Pangeran Diponegoro kasil diasingake menyang Manado. Nanging pihak Walanda isih ngrasa durung marem. Pihak Walanda pengin kabeh pengikute Pangeran Diponegoro dirangket lan diukum sing abot banget. Tujuane supaya ora maneh wong Jawa sing wani nglawan Walanda.

Gara-gara kahanan iki akeh banget prajurite Pangeran Walanda sing padha mlayu menyang dhaerah wetane Mataram. Rancake para prajurit mau padha singidan ing papan kang angker lan gawat. Tujuane supaya ora ana wong sing wani ngoyak playune.

Sawetara prajurite Pangeran Diponegoro kang mlayu mengetan yaiku Mbah Tondo Mantri lan Mbah Seleh Raga. Pawongan loro iku dicritakake mujudake prajurit kang sekti mandraguna lan pinter gawe siasat perang. Merga terus dioyak pihak Walanda, Mbah Seleh Raga lan Mbah Tondo Mantri singidan ing sawijining alas kang cedhak karo gunung Kelud. Playune Mbah Seleh Raga lan Mbah Tondo Mantri iki ora mung kanggo ngendhani pihak Walanda. Nanging uga kanggo golek papan urip kang anyar.

.....
<https://www.sonora.id/read/423676647/7-contoh-cerita-rakyat-bahasa-jawa-yang-singkat-serta-artinya?page=all>

15. Sapa prajurite Pangeran Diponegoro kang mlayu mengetan ?

- A. Mbah Tondo lan Mbah Raga
- B. Mbah Seleh lan Mbah Raga
- C. Mbah Raga lan Mbah Mentri
- D. Mbah Tondo lan Mbah Seleh

16. Singidan ing endi loro prajurite Pangeran Diponegoro iku ?

- A. Salah sawijining alas kang cedhak karo gunung Kelud
- B. Salah sawijining alas kang cedhak karo gunung Lawu
- C. Salah sawijining alas kang cedhak karo gunung Marapi
- D. Salah sawijining alas kang cedhak karo gunung Merapi

17. Apa tujuane Walanda pingin kabeh prajurite Pangeran Diponegoro dirangket lan diukum sing abot?

- A. Supaya ora bisa mlayu
- B. Supaya ora wani ngalawan Walanda
- C. Supaya ora akeh pengikute Pangeran Diponegoro
- D. Supaya ora diaku Pangeran Diponegoro

18. "Kegiatan dialog antarane pewawancara utw wong sing golek informasi lan narasumber", pengertian saka....

- A. Narasumber
- B. Layang
- C. Diskusi
- D. Wawancara

19. Ing tembang ana 2 Titi Laras, yaiku

- A. Laras Slenro lan Laras Pelig
- B. Laras Slendro lan Laras palog
- C. Laras Slendro lan Laras pelog
- D. Laras Slendro lan Laras pelag

20. Panulisan sing bener kanggo aksara murda yaiku....

- A. Cukup siji sak kalimat
- B. Cukup siji sak paragraf
- C. Cukup siji sak kata
- D. Ditulis kabeh ing ngarep, tengah, lan mburi

B. Pilihlah *luwih saka siji* wangsulan kang kokanggep bener, kanthi ngirengi ana ing papan wangsulan!


21. ing isor iki gunane basa krama ing pasrawungan, yaiku....

- A. Kanggo pacelathonan antarane abdi marang bendarane
- B. Kanggo pacelathonan Ibu marang Bapak
- C. Kanggo pacelathonan kanca karo kanca raket
- D. Kanggo pacelathonan antarane wong enom marang wong tuwa
- E. Kanggo pacelathonan antarane kakang karo adik

22. Ukara ing isor iki sing ora manut karo aturan unggah-ungguh, yaiku...

- A. Kula empun nedhi yatra, nanging dereng diparingi Ibu
- B. Kula sampun nyuwun arta, nanging dereng dipunparingi kalih Ibu.
- C. Kula empun nedha arta, nanging dereng disukani kalih Ibu.
- D. Kula sampun nedha yatra, ning dereng disukani kalih Ibu.
- E. Kula sampun nedhi sekul, naning dereng minum

23. Ukara ing isor iki sing nagnggo *aksara murda "Sa"* yaiku

- A. 
- B. 
- C. 
- D. 

24. Saka gambar ing sebelah iki saget disimpulaken

- A. Lewat ing ngarep wong luwih tua mboten ndamel sopan santun
- B. Lewat ing ngarep wong luwih tua kedah radi bungkok
- C. Ngomong nyen arep lewat
- D. Tata krama kuwi kudu diduweni kabeh manungsa
- E. Nalika lewat langsung ora butuh nyapa



25. Ing isor iki kang kalebu nada Laras Slendro lan Laras Pelog yaiku

- A. 1, 2, 3, 5, 6, 1
- B. 1, 2, 3, 4, 6, 7, 1
- C. 3, 4, 5, 7, 1, 3
- D. 1, 2, 3, 4, 5, 6, 1
- E. 3, 2, 4, 6, 7, 1

